

Konsènan benefis sante ou yo

Reenskri pou benefis yo soti 1ye rive 31
out uhh.org/enroll | (833) 569-9638

Nouvo rezo medikal ou a se rezo Aetna Select (Open Access) EPO.

Yon pi gwo rezo san referans! Ou ta dwe toujou gen yon doktè swen prensipal (PCP) nan rezo a. Ou pa bezwen anrejistre doktè swen prensipal ou avèk nou ankò, ni jwenn referans pou wè espesyalis oswa pou resevwa swen lopital.

Pou asire doktè ou yo nan rezo Aetna Select (Open Access) la, konekte nan Member Portal la nan www.uhh.org/member pou chèche yon founisè oswa rele Sèvis pou Manm yo nan: **(844) 267-4325**.

Mizajou sou benefis medikal yo

Limit depans ou peye ak lajan pa ou (pou chak ane kalandriye) ap chanje:

Medikal	\$5,000 pou chak moun / \$10,000 pou chak fanmi
Medikaman sou preskripsyon*	\$1,350 pou chak moun / \$2,700 pou chak fanmi

Lè ou itilize yon founisè nan rezo a:

- Swen sante lakay kouvri jiska 60 jou chak ane kalandriye.
- Swen podiyatri woutin kouvri jiska 4 vizit pou chak moun chak ane.
- Òtotik podiyatri yo kouvri jiska \$500 chak 24 mwa.

CVS Virtual Care: Ou ka jwenn swen sou demann 24/7 ak sèvis telesante pou sante mantal atravè CVS Virtual Care. Vizite www.cvs.com/virtual-care.

Aparèy pou ede tande yo kouvri jiska \$5,000 chak 3 ane kalandriye (an total).

* **Chanjman nan benefis:** Medikaman GLP-1 yo itilize pou pèdi pwa p ap kouvri ankò apati 10/1. (Ou pral resevwa yon lèt pa lapòs si chanjman sa a afekte ou. Pa sispann pran okenn medikaman anvan ou pale ak doktè ou sou lòt opsyon tretman ki kouvri.)



PWEN ENPÒTAN:

- PA gen kopeman, pa gen franchiz
- PA bezwen referans pou wè yon espesyalis
- PA gen chanjman nan medikaman sou preskripsyon*, swen dantè, swen vizyon, masaj, akuponkti ak terapi

Fon an pral jere reklamasyon avantaj medikal ou yo.

Nouvo pri pou kouvèti ou:

Apati Oktòb 2026 (mwa travay la), kantite lajan ou oblije peye pou pri kouvèti a ap chanje.

Nouvo kantite kontribisyon anplwaye a (EC) CHAK MWA eyo se:

- \$8 Kouvèti Two-way (pou de anplwaye marye)
- \$100 pou kouvèti yon sèl moun
- \$120 pou kouvèti yon sèl moun plis youn
- \$140 pou kouvèti fanmi

LÒT BENEFIS YO

Jwenn yon famasi hospitalityrx.org	(844) 813-3860
Otorizasyon alavans pou medikaman sou preskripsyon Hospitality Rx	(844) 813-3860
Jwenn yon dantis deltadentalil.com	(800) 323-1743
Jwenn yon doktè jer davisvision.com	(800) 999-5431
UNITE HERE HEALTH Sèvis pou Manm yo uhh.org	(844) 267-4325
Liy Enfimye 24/7:	(800) 556-1555
Pwogram Asistans pou Anplwaye (EAP)	(800) 878-2004



Nouvo kat ID ou a ap rive byento!

Kat ID medikal ak famasi ou yo ta dwe rive nan premye mwa kouvèti a.